

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan


Panalungtikan ieu bakal nguji cobakeun stratégi pangajaran “*Giving Question And Getting Answers*” dina pangajaran nulis karangan arguméntasi. Panalungtikan ieu miboga tujuan pikeun mikanyaho sakumaha éféktifna diajar ngagunakeun stratégi tadi. Ku kituna, panalungtik ngagunakeun métode ékperimén. Métode panalungtikan asalna tina kecap “metode” anu hartina cara anu tepat pikeun ngalakukeun hiji hal; jeung “logos” anu miboga harti élmu atawa pangaweruh. Jadi, métodologi nya éta cara ngalakukeun hiji hal ngagunakeun pikiran sacara saksama pikeun ngahontal hiji tujuan (Narbuko & Achmadi, 2004, kc. 1). Nurutkeun Nazir (2013, kc. 84) desain panalungtikan nya éta sakabéh prosés anu diperlukeun dina ngararancang sarta ngalaksanakeun panalungtikan. Dina ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kuantitatif kalawan métode kuasi ékspérimén. Métode kuasi ékspérimén atawa disebut ogé ékspérimén semu, nya éta hiji panalungtikan ngagunakeun kelas ékspérimén kalawan henteu make kelas control.

Arikunto (2013, kc. 123) nétélakeun yén métode kuasi ékspérimén dibagi jadi tilu rupa, nya éta: 1) *one shot case study*; 2) *pretest and posttest* 3) *static group comparison*. Métode ékspérimén mangrupa hiji métode panalungtikan anu produktif sabab digunakeun pikeun ngajawab hipotésis anu geus dirumuskeun.

Dumasar kana pamarekan jeung métode panalungtikan, desain anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta *pretest and posttest group*. Ieu panalungtikan dilakukeun ku cara méré *pretest* tuluy dibéré *treatment* sangkan ngalatih kamampuh siswa dina pangajaran nulis karangan arguméntasi kalayan ngagunakeun stratégi *Giving Question and Getting Answers*, tuluy diayakeun *posttest*.

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 124) desainana saperti ieu di handap .

Pola:



Keterangan:

O_1 = *pretest* (hasil panalungtikan saméméh perlakuan)

X = *treatment* (perlakuan maké stratégi *giving question and getting answers*)

O_2 = *posttest* (hasil panalungtikan sanggeus ngagunakeun stratégi *giving question and getting answers*)

Luyu jeung tujuan panlungtikan, ieu desain digunakeun pikeun ngukur stratégi *giving question and getting answers* dina kamampuh nulis karangan arguméntasi siswa kelas VII-C SMP Negeri 6 Purwakarta Taun Ajaran 2015/2016.

3.2 Subjék Ppanalungtikan

Anu jadi subjék dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas VII-C SMP Negeri 6 Purwakarta Taun Ajaran 2015/2016, sabab kamampuh nulis siswa anu masih kénéh asor.

3.3 Sumber Data

Sumber data nya éta sakabéh subjék anu ditalungtik. Data dina ieu panalungtik nya éta hasil kamampuh nulis siswa kelas VII-C SMP Negeri 6 Purwakarta Taun Ajaran 2015/2016 anu jumlahna 30 siswa, ngawengku 14 lalaki jeung 16 awéwé. Sumber datana digambarkeun dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.1

Data siswa kelas VII-C SMP Negeri 6 Purwakarta

Kelas	Jenis Kelamin	Jumlah
VII-C	Lalaki	14 siswa
	Awéwé	16 siswa
Jumlah		30 siswa

3.4 Wangenan Operasional

Wangenan operasional téh mangrupa wangenan sacara umum ngeunaan variabel-variabel anu aya dina ieu panalungtikan, boh variabel bebas boh variabel kauger.

- a) Stratégi *giving question and getting answers* mangrupa stratégi pangajaran anu ngabogaan karakteristik méré kasempetan ka unggal siswa sangkan bisa patukeur pikiran, sarta mikanyaho pandangan jeung argumén siswa séjén. Stratégi ieu dimekarkeun ku Spencer Kagan. Stratégi ieu mangrupa bagian tina stratégi pembelajaran aktif. Pangajaran nulis karangan arguméntasi mangrupa pangajaran pikeun ngaluarkeun pamadegan,, alesan, conto jeung bukti-bukti anu kuat sarta ngayakinkeun nu maca nepi ka bisa ngabenerkeun pamadegan, sikep, gagasan, jeung kayakinan urang dina wangun tulisan.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 192) instrumén minangka alat bantu pikeun panalungtik dina kagiatan ngumpulkeun data. Instrumén panalungtikan kawilang penting dina prosés panalungtikan, kusabab kahontal atawa henteuna tujuan panalungtikan ditangtukeun ku alus atawa henteuna instrumén anu digunakeun ku panalungtik.

Instrumén anu digunakeun dina ieu panaluntikan nya éta lembaran tés. Lembaran tés anu dipaké nya éta tés awal (prates) jeung tés ahir (postés). Dina kagiatan pratés siswa dibéré tugas pikeun nulis karangan arguméntasi kalawan téma anu dibéré ku guru salila sajam pangajaran (1x40 menit), sésa sajam pangajaran dipaké pikeun nerangkeun matéri ngeunaan nulis karangan arguméntasi. Sanggeus ngayakeun pratés, dina pertemuan anu kadua guru ngajelaskeun deui ngeunaan materi nulis karangan arguméntasi tuluy dibéré soal postés nulis karangan arguméntasi kalayan téma anu geus dipilih acak ku sewang-séwangan. Sangkan leuwih jéntré bisa ditilik tina format lembar tés di handap.

Tabel 3.2
Format Praté

Lembar Soal

Waktu : 1x40 menit

1. Tulis ngaran jeung kelas dina kertas anu disadiakeun!
2. Jieun karangan arguméntasi maké katangtuan di handap ieu!
 - a. Panjang karangan minimal 60 kecap (6 jajar)
 - b. Téma saluyu jeung patalékan anu dibéré ku guru.
 - c. Tulis patalékan di sisi kénca saméméh ngawaler/ngajawab patalékan jeung nulis karangan arguméntasi
 - d. Eusi karangan kudu saluyu jeung téma/judul anu ditangtukeun
 - e. Titénan/perhatikeun tanda baca dina panulisan.

Tabel 3.3
Format Postés

Lembar Soal

Waktu : 1X40 menit

1. Tulis ngaran jeung kelas dina kertas anu disadiakeun!
2. Jieun karangan arguméntasi maké katangtuan di handap ieu!
 - a. Panjang karangan minimal 60 kecap (6 jajar)
 - b. Téma saluyu jeung patalékan anu dibéré ti siswa séjén
 - c. Tulis patalékan saméméh ngawaler/ngajawab patalékan jeung nulis karangan arguméntasi
 - d. Eusi karangan kudu saluyu jeung téma
 - e. Titénan/perhatikeun tanda baca dina panulisan.

3.6 Téhnik Panalungtikan

3.6.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik tés. Tés mangrupa runtuyan patalékan anu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, inteligénsi, kamampuh, atawa bakat-bakat anu aya dina unggal individu/kelompok (Arikunto, 2010 kc. 266).

Ieu tés dilakukeun ku cara nglaksanakeun pratés jeung postés. Pratés digunakeun pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nulis karangan arguméntasi saméméh ngagunakeun stratégi *giving question and getting answers*, sedengkeun postés digunakeun pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nulis karangan arguméntasi sanggeus ngagunakeun strategi *giving question and getting answers*.

Tés anu dilakukeun miboga tujuan pikeun mikanyaho éféktif-henteuna strategi *giving question and getting answers* dina pangajaran nulis karangan arguméntasi. Tujuan ahirna nya éta data-data siswa dianalisis dumasar data hasil panalungtikan ka siswa.

3.6.2 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data mangrupa léngkah-léngkah atawa alat pikeun ngahasilkeun jawaban tina hipotésis. Pikeun ngabuktikeun hipotésis jeung ngajawab masalah dina bab 1, data anu geus dikumpulkeun téh dikokolakeun make sababaraha prosedur, anu ngawengku:

- 1) Mariksa hasil pratés jeung postés; jeung
- 2) Meunteun hasil nulis pratés jeung postés.

Pikeun meunangkeun hiji data, aya sababaraha kriteria nu bakal diajén tina hasil nulis karangan arguméntasi. Hasil nulis karangan arguméntasi siswa diajén dumasar kana aspék-aspék ieu di handap.

- 1) Éjahan jeung tanda baca

- 2) Diksi (pilihan kecap)
- 3) Organisasi eusi
- 4) Susunan Karangan
- 5) Karapihan tulisan

Tabél 3.4

Format Ngajén Kamampuh Nulis Karangan Arguméntasi

No.	Aspék anu diniléy	Skala Peunteun					Skor
		1	2	3	4	5	
1.	Éjahan jeung Tanda Baca						5
2.	Diksi (pilihan kecap)						5
3.	Organisasi Eusi						5
4.	Susunan Karangan						5
5.	Karapihan Tulisan						5
Jumlah							25

Katerangan:

- 1) Éjahan jeung Tanda Baca
 - Skala peunteun 5 : éjahan jeung tanda baca geus sampurna pisan.
 - Skala peunteun 4 : éjahan jeung tanda baca geus sampurna.
 - Skala peunteun 3 : éjahan jeung tanda baca cukup sampurna
 - Skala peunteun 2 : éjahan jeung tanda baca kurang sampurna
 - Skala peunteun 1 : éjahan jeung tanda baca teu sampurna
- 2) Diksi (pilihan kecap)
 - Skala peunteun 5 : pilihan kecap geus sampurna pisan.
 - Skala peunteun 4 : pilihan kecap geus sampurna.
 - Skala peunteun 3 : pilihan kecap cukup sampurna
 - Skala peunteun 2 : pilihan kecap kurang sampurna
 - Skala peunteun 1 : pilihan kecap teu sampurna
- 3) Organisasi Eusi
 - Skala peunteun 5 : organisasi eusi karangan sampurna pisan
 - Skala peunteun 4 : organisasi eusi karangan geus sampurna
 - Skala peunteun 3 : organisasi eusi karangan geus cukup sampurna

- Skala peunteun 2 : organisasi eusi karangan kurang sampurna
 Skala peunteun 1 : organisasi eusi karangan teu sampurna
- 4) Susunan Karangan
 Skala peunteun 5 : susunan karangan sampurna pisan
 Skala peunteun 4 : susunan karangan geus sampurna
 Skala peunteun 3 : susunan karangan cukup sampurna
 Skala peunteun 2 : susunan karangan kurang sampurna
 Skala peunteun 1 : susunan karangan teu sampurna
- 5) Karapihan Tulisan
 Skala peunteun 5 : karapihan tulisan sampurna pisan
 Skala peunteun 4 : karapihan tulisan geus sampurna
 Skala peunteun 3 : karapihan tulisan cukup sampurna
 Skala peunteun 2 : karapihan tulisan kurang sampurna
 Skala peunteun 1 : karapihan tulisan teu sampurna
- Skala rata-rata
 1-1,9 = goréng
 2-3,9 = sedeng
 4-5 = alus

Skor anu kahontal ku siswa dirobah jadi skor ahir kalawan ngagunakeun rumus:

$$P = \frac{\sum \text{Bobot siswa}}{\sum \text{Bobot Maksimal}} \times 100$$

- P = Peunteun
 \sum Bobot siswa = Jumlah bobot anu dimeunangkeun ku siswa
 \sum Bobot maksimal = Jumlah bobot maksimal

Tabél 3.5 Katégori Nilai Dumasar KKM

Peunteun	Keterangan
≥ 75	Siswa dianggap mampu nulis karangan arguméntasi
≤ 75	Siswa dianggap can mampu nulis karangan arguméntasi kalayan hade

- 3) Kamampuh pratés jeung postés siswa dumasar kana aspék anu diajén.

No. Absén	Kamampuh	Aspék nu diajén					S	P
		1	2	3	4	5		
	Pratés							

	Postés							
--	--------	--	--	--	--	--	--	--

3.6.2.1 Uji Sipat Data

1) Uji Normalitas

Pikeun ngayakinkeun yén data téh miboga sipat anu normal atawa henteu, bisa ngagunakeun rumus *chi kuadrat* (x^2). Anapon léngkah-léngkahna:

- (1) Nyieun tabél frékuénsi skor pratés jeung postés kalayan ngagunakeun tabél saperti ieu dihandap.

Tabél 3.6

Frékuénsi Peunteun Pratés jeung Postés

<i>Skor (x)</i>	<i>F</i>	<i>Fx</i>	<i>fx²</i>
1			
2			
Σ			

- (2) Nangtukeun rata-rata (mean) skor pratés jeung postés, ngagunakeun rumus:

$$M = \frac{\Sigma fx}{\Sigma f}$$

- (3) Néangan standar déviasi (SD), ngagunakeun rumus:

$$SD = \frac{\sqrt{N(\Sigma fx^2) - (\Sigma fx)^2}}{N(N-1)}$$

Keterangan:

- SD** = Standar Deviasi
N = Jumlah subjék panalungtikan
 Σfx^2 = Jumlah frékuénsi nilai x
 $(\Sigma fx)^2$ = Jumlah frékuénsi nilai x dikuadratkan

(4) Nyieun daptar prékuénsi obsérvasi jeung frékuénsi ékspéktasi anu ngawengku:

a) Nangtukeun jumlah kelas (k), ngagunakeun rumus:

$$k = \frac{r}{p} + \leq 1 \text{ atawa } k = 1 + 3,33 \text{ Log}$$

b) Nangtukeun rentang (r), ngagunakeun rumus:

$$r = \text{skor pangluhurna} - \text{skor pangahndapna}$$

c) Nangtukeun jembar kelas (p), ngagunakeun rumus:

$$p = \frac{r}{k}$$

d) Ngitung nilai tengah antar interval batas kelas handap (b_k handap) jeung batas kelas luhur (b_k luhur);

e) Nangtukeun transformasi normal standar bébas kelas (z), ngagunakeun rumus:

$$z = \frac{(bk - M)}{SD}$$

f) Nangtukeun ambahan/legana unggal kelas interval (L), ngagunakeun rumus:

$$L = Z_{2\text{tabel}} - Z_{1\text{tabel}}$$

- g) Nangtukeun rumus-rumus frékuénsi ékspéntal (E_i), ngagunakeun rumus:

$$E_i = L \times N$$

- h) Nangtukeun nilai *chi kuadrat* (χ^2), ngagunakeun rumus:

$$\chi^2 = \sum \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

- i) Nangtukeun derajat kabébasan (dk), ngagunakeun rumus:

$$dk = k - 3$$

- j) Tina hasil léngkah di luhur bisa diasupkeun kana tabél ieu di handap.

Tabél 3.7

Frékuénsi Observasi jeung Frékuénsi Ékspétasi Pratés

Kelas	O _i	BK Handap	BK Luhur	Z ₁	Z ₂	Z ₁ Tabel	Z ₂ Tabel	L	E _i	χ^2
1.										
2.										
Σ										

- k) Nangtukeun normalitas distribusi ngagunakeun rumus:

$$\chi_{itung}^2 \leq \chi_{tabel}^2, \text{ hartina distribusi data normal}$$

$$\chi_{itung}^2 \geq \chi_{tabel}^2, \text{ hartina distribusi data teu normal}$$

(Arikunto, 2006, kc. 317)

2) Uji Homogenitas

Sarua jeung uji normalitas, pikeun nangtukeun homogen henteuna data ogé ngagunakeun rumus *chi kuadrat* (x^2). Anapon léngkah-léngkahna nya éta:

- (1) Nangtukeun skor variabel X sewang-séwangan kelompok pratés jeung postés
- (2) Nangtukeun variansi masing-masing kelompok, ngagunakeun rumus:

$$S^2 = \frac{n \cdot \sum fx^2 - (\sum fx)^2}{n(n-1)}$$

- (3) Hasil tina variansi diasupkeun kana distribusi F, ngagunakeun rumus:

$$F = \frac{s^2b}{s^2k}$$

Katerangan:

F = Harga varian nu rék ditéang

s^2b = varian nu panggedéna (Standar deviasi panggedéna)

s^2k = varian nu pangleutikna (Standar deviasi pangleutikna)

- (4) Ngitung derajat kabébasan (db), ngagunakeun rumus:

$$Db = n - 1$$

Katerangan:

Db = derajat kabébasan

$n - 1$ = ukuran sampel

- (5) Nangtukeun harga F tabél

- (6) Nangtukeun homogeny henteuna data dumasar kana criteria:

$F_{itung} < F_{tabél}$, hartina variasi populasi homogén

$F_{itung} > F_{tabél}$, hartina variasi populasi teu homogén

(Arikunto, 2006, kc. 321)

3) Uji Gain

Pikeun nguji gain, baris ngagunakeun tabél ieu di handap.

Tabél 3.8

**Uji Gain Tingkat Kamampuh Nulis Karangan Arguméntasi Kelas VII-C
SMP Negeri Purwakarta Ngagunakeun Stratégi *Giving Question And Getting***

Answers

No.	Praté	Postés	Σ	D	d^2

Uji gain dilaksanakeun pikeun ngabandingkeun rata-rata peunteun prates jeung postés.

4) Uji Hipotésis

Uji hipotésis (t) dilaksanakeun saupama data populasi mibanda distribusi normal tur variansi homogen. Uji t digunakeun pikeun nguji signifikansi béda dua rata-rata (mean) nu dicocokeun pikeun ngabuktikeun hipotésis. Anapon léngkah-léngkahna saperti ieu dihandap.

- (1) Néangan béda mean tina pratés jeung postés, ngagunakeun rumus:

$$Md = \frac{\Sigma d}{N}$$

- (2) Nyieun tabél uji jumlah rata-rata pratés jeung postés

Tabél 3.9

Uji Jumlah Rata-rata Pratés jeung Postés

No.	Praté	Postés	d	d^2	xd (d-Md)

(3) Ngitung derajat kabébasan (db), ngagunakeun rumus:

$$db = n - 1$$

(4) Ngitung t itung, ngagunakeun rumus:

$$\sum x^2 d = \sum d^2 \frac{(\sum d)^2}{N}$$

(5) Ngabuktikeun hipotésis, ngagunakeun rumus:

$$t = \frac{Md}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{N(N-1)}}}$$

Katerangan:

Md = mean tina deviasi (d) antara prates jeung postés

$\sum x^2 d$ = t itung

N = Jumlah siswa/subjék

(Arikunto, 2006, kc.86)

Lamun $t_{itung} > t_{tabél}$, hartina hipotésis ditarima yén aya béda nu signifikan antara hasil prates jeung postés nulis karangan arguméntasi siswa kelas VII-C SMP Negeri 6 Purwakarta saméméh jeung sanggeus ngagunakeun stratégi *giving question and getting answers*.

Lamun $t_{itung} < t_{tabél}$, hartina hipotésis ditolak yén teu aya béda anu signifikan antara hasil prates jeung postés nulis karangan arguméntasi siswa kelas VII-C SMP Negeri 6 Purwakarta saméméh jeung sanggeus ngagunakeun strategi *giving question and getting answers*.